



Paran ak Moun K ap Bay Swen,

Konpetans pou Aprantisaj ak nan lavi (SLL ann anglè) kiltive teknik epi ankouraje atitid ki sipòte kolèj, karyè, ak sisksè nan lavi. Anplis, SLL ranfòse ansèyman ak aprantisaj nan kontni akademik, ranfòse (bati) konfidans epi sipòte byennèt jeneral nou.

Estrikti SLL Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la baze sou Enstriksyon Sante ki obligatwa jan sa endike nan Lwa Eta Florid 1003.42(2)(o)(4) epi li enplike akizisyon ak aplikasyon efikas konesans, atitid, ak teknik konsyans pèsònèl ak jesyon pèsònèl, pran desizyon responsab, rezilyans, aptitud nan relasyon (enkli rezolisyon konfli), ak konsyans sosyal (ki enkli konpreyansyon ak respekte lòt pwendvi ak orijin sosyal). Anplis, Tèm SLL yo ede elèv travay nan bi pou satisfè rezilta yo atann nan Florida Resiliency Education Standards.

Nan pwochen twa mwa yo nou pral mete ann aplikasyon twazyèm chapit SLL nou an. Montre Konsiderasyon Youn pou Lòt Anba la a genyen yon tablo ak sijè SLL avèk kèk fason posib ou kapab ranfòse yo lakay ou si w vle.

Chapit 3: Montre Konsiderasyon Youn pou Lòt		
Dat	Tèm ak Konpetans SLL	Kesyon Posib pou Diskisyon ak/oswa Aktivite pou Fanmi
27 novanm 1 <sup>er</sup> desanm	Adopte Pèspektiv Lòt Moun  (Konsyans Sosyal)	Kijan adopte pèspektiv lòt moun (panse, emosyon) kapab ede w vin yon pi bon zanmi?  Kijan w panse yon moun santi l si... (yon moun p ap pataje, oswa tann tou pa l, zanmi w la tris akoz yon bagay ki fèk pase, zanmi w la ap ri oswa ap souri)?  <b>-Lekti Awotwa:</b> Li yon liv epi pale avèk pitit ou sou kijan pèsònaj la santi l ak si yo janm santi yo konsa. Pataje yon moman kote w te santi ou konsa tou.
4- 8 desanm	- Demontre Senpati & Konpasyon  (Konsyans Sosyal)	Kijan w kapab montre konpasyon ak jantiyès pou lòt moun?  -Ki sa sa vle di montre senpati (bonte, oswa konpasyon)?  <b>Annou Pale sou Sa:</b> Gade yon fim oswa televizyon avèk pitit ou. Pale sou kijan pèsònaj yo montre konpasyon ak konsiderasyon pou lòt moun.
11- 15 desanm	Rekonèt ak Apresye Kontribisyon lòt Moun  (Konsyans Sosyal)	Kimoun nan lavi w ou apresye? Poukisa w apresye yo?  <b>Kat Apresyasyon:</b> Fè pitit ou ekri yon kat apresyasyon pou pwofesè yo pi renmen, manm fanmi, adilt oswa zanmi pou fè yo konnen poukisa yo apresye moun sa a.
18- 22 desanm & janvyè 9 - 12	Semèn Revizyon	Kisa ou renmen fè avèk fanmi ou?  Si w ta kapab ale nenpòt kote nan mond la, kibò w ta ale epi poukisa? Ki plezantri ou pi renmen fè?

		<p><b>Jounen Fanmi:</b> Ale deyò epi pase tan ansanm ap fè kèk nan aktivite nou pi renmen. Fè yon piknik nan pak oswa nan plaj. Manje nan youn nan kote nou pi renmen oswa kuit manje nou pi renmen an.</p> <p><b>Sware Jwèt:</b> Pran jwèt nou pi renmen an oswa jwèt kat epi òganize yon sware an fanmi. Ou kapab menm kreye pwòp jwèt ou.</p>
16 - 19 janvye	-Pou Ofri Èd  (Aptitud nan Relasyon)	<p>Kijan w santi ou lè w kapab ede yon moun?</p> <p>Kijan w kapab ede yon moun (egzanp, manm fanmi, zanmi, frè/sè) semèn sa a?</p> <p>-Poukisa w panse li enpòtan pou w ede kondisip/zanmi w, pwofesè, ak manm fanmi w?</p> <p>-<b>Pou Ofri Èd:</b> Panse a twa (3) bagay ou kapab fè pou ede yon moun lakay ou jodi a. Ankouraje pitit ou pou l ede ak bagay sa yo</p> <p>-<b>Donasyon:</b> Rasanble kèk rad, liv, ak/oswa jwèt ou pa bezwen ankò epi bay yo nan yon charite lokal.</p>
22 - 26 janvye	Ede Lòt Moun Santi yo Apresye epi Enkli  (Aptitud nan Relasyon)	<p>Kilè ki se yon moman ou santi w apresye? Kijan sa te fè w santi w?</p> <p>Ki bagay ou kapab fè pou ede enkli lòt moun?</p> <p><b>Kat Afimasyon</b> Kreye kat afimasyon pou zanmi ak/oswa manm fanmi pou ankouraje yo epi bati konfyans yo. Paegzanp, "Ou entelijan", "Ou se yon bon zanmi", "Ou bon nan rezoud pwoblèm", "Ou enpòtan", elatriye.</p> <p>-<b>Ou Enpòtan:</b> Kreye yon lis bagay nou tout kapab fè an fanmi pou fè youn lòt santi yo gen valè epi fè santi yo enkli.</p>